



DIVISION OF STUDENT AFFAIRS

Aktyalite Zafè Etidyan pou Ou

Benefisyè pri inivèsitè, opòtinite aprantisaj ak kwasans, Mwa Patrimwàn Latino Ameriken, ak plis toujou

Lendi 11 septanm 2023

Chè Kòlèg,

An nou kontinye komemore ponpye, polisye, anbilansye, ansanm ak manm pèsonèl sivil ki ap bay sipò yo, ki te riske lavi yo pou moun ki te nan bezwen nan dat 11/9/2001 yo, sa gen 22 lane. Nou pa Bliye!

Mwen gen yon gwo respè pou moun ki ap sèvi yo. Se youn (1) nan rezon ki fè m gen anpil rekonesans pou ou epi pou pakèt fason w ap soutni epi sèvi kominote nou an. Pandan nou ap antre nan twazyèm semèn semès lan, mwen espere w fin enstale w epi w jwenn ritm ou. Mwen konnen nan mwa pase a gen anpil travay ki te fèt pou pèmèt nou ouvri kanpis nou an pou 40000 etidyan nou yo. Ou te fè bon travay epi moun wè sa. Mèsi! Mèsi paske w ap sèvi, dirije epi pran swen lòt moun!

Plan Estratejik DSA

Mwen vle di mèsi pou prèske 100 responsab depatmantal DSA yo ki te patisipe nan yon egzamen pou plan estratejik nou an, pandan yon lòt sesyon egzamen sa gen de (2) semèn. Mwen konnen yo te disponib nan yon moman ki gen anpil aktivite. Nou ap entegre kòmantè reflechi yo fè yo nan pwochen vèsyon plan an.

Nou ap pwoche nan fen pwosesis planifikasyon estratejik nou an. Mwen pa ka tann pou prezante dènye vèsyon plan estratejik nou an pandan [DSA Town Hall](#) nou an jou mèkredi 4 oktòb la. Nou di nou tout mèsi pou kontribisyon nou bay ansanm ak angajman san rete nou pran nan travay enpòtan sa a! Nou ap kreye yon vizyon pataje pou travay ansanm nou an!

Mwa Patrimwàn Latino Ameriken

Ekip Patisipasyon Etidyan Latino Ameriken yo te pwograme plizyè evènman pou [Mwa Patrimwàn Latino Ameriken](#) an, soti 15 septanm pou rive 15 oktòb. Tèm ane sa a se "Creciendo Con Amor," ("Grandi avèk Lanmou.") Se yon selebrasyon kwasans ak lanmou nan kominote Latino Ameriken an nan UMD.

Ekip Patisipasyon Etidyan Latino Ameriken yo ap fè pwomosyon pou devlopman ak patisipasyon etidyan Latino Ameriken yo sou kanpis la. Ekip la pran angajman pou kreye epi kenbe yon anviwònman sou kanpis la kote yo afime epi soutni idantite ak pwoblèm Latino Ameriken yo, epi li ap ede etidyan yo reyisi grasa yon



DIVISION OF STUDENT AFFAIRS

seri opòtinite devlopman pèsonèl, grasa patisipasyon nan òganizasyon, epi devlopman kominotè. Mwen vrèman rekonsan pou bon travay yo fè a. Mwen espere wè w nan kèk nan pwogram sa yo.

Mwa Preparasyon Nasyonal

Septanm se Mwa Preparasyon Nasyonal epi nou vle pou w Pare pou UMD! Ale sou [sit entènèt Biwo Jesyon Ijans ak Biznis Pèmanan](#) an pou plis enfòmasyon, epi pou telechaje resous tankou [bwochi Be UMD Ready](#) oswa [Emergency Guide](#). la Epiyou, ou kapab enskri pou yon [sesyon aprantisaj Be UMD Ready: Emergency Preparedness sou Zoom](#) pandan 45 minit, nou ofri pandan tout mwa septanm nan.

Envesti nan Moun epi nan Kominote Nou an

Rekonesans pou Pwofesè ak Manm Pèsonèl Pandan Remiz Diplòm

Mwen pa gen ase mo anrapò ak jis nan ki pwen mwen fyè pou bon travay ki fèt nan divizyon sa a. Mwen vrèman kontan dèske nan okazyon Remiz Diplòm Pwofesè ak Manm Pèsonèl ane sa a, gen kat (4) moun nan manm pèsonèl nou an ki ap resevwa rekonesans inivèsite a pou kokenn kontribisyon yo fè nan kominote nou an. Tanpri, met ansanm avèk mwen pou felisite kòlèg sa yo ki bay bon egzanp:

Benefisyè Distenksyon Prezidan an pou Sèvis Distenge

Claudia Funes, *Kowòdonatris, Sèvis Restorasyon*

Depi prèske 30 lane, Claudia ap dirije plizyè inite lavant an detay nan Sèvis Restorasyon. Pandan li t ap travay nan Maryland Dairy nan Turner Hall, li te fè magazen an vin tounen yon pwen santral pou kominote nou an, epi li te jwe yon gwo wòl nan tranzisyon Pwodui Letye a pou vin nan lokal li an ki frekante anpil, nan The Stanp. Gen plizyè manm pèsonèl nan sèvis Restorasyon an ki te akeyi epi ankadre Claudia nan wòl dirijan yo. Li konsantre sou sèvis kliyantèl ak devlopman relasyon ak kliyan yo.

Valerie LaHoud, *Direktris Komèsyal, Sant Resous pou Òganizasyon Etidyan, The Stamp*

Anplwaye nan The Stamp depi 1986, Val te dirije epi ankadre plizyè santèn etidyan. Se yon administratris nan premye plan, ki akonpli pwosesis administratif yo avèk yon gwo presizyon, toutpandan li ap nourri aspirasyon etidyan nou yo. Etidyan nou yo te fè lwanj pou leson yo te aprann nan men Val yo, antanke yon seri leson ki egal avèk kèk leson ki pi enpòtan yo te aprann nan sal klas yo.

Heather Teitelbaum, *Direktris Klinik, Sant Sante Inivèsite*

Heather te toujou fè plis pase sa li dwe fè pou pwoteje sante, sekirite ak byennèt kominote nou an. Kit se nan kesyon kowòdone tès COVID-19, operasyon vaksinasyon ak anpil lòt bagay ankò, lidèchip



DIVISION OF STUDENT AFFAIRS

Heather demontre nan Ekip Repons pou Ensidan an te kontribiye nan sekirite kominote nou an pandan pandemi an. Angajman, konpetans, ak konpasyon li vrèman ekstrawòdinè.

Sharon LaVoy, Rekonpans pou Enpak Done

Kate Siplon Blanch, *Direktris pou Sèvis Done ak Analiz, OVPSA*

Kate ede divizyon an eksplwate done enstitisyonèl yo pou pran desizyon estratejik ak pratik. Kokenn travay li fè a te pèmèt yo asire reyisit pwogram tès ak konfòmite COVID-19 la sou kanpis la. Aktout pa t gen enfrastrikti ki egziste epi tan limit yo te difisil pou respekte, Kate te kapab kreye yon seri aplikasyon pou notifikasyon, anrejistreman, ak pwodiksyon rapò, sa ki ap pèmèt manm kominote a patisipe nan pwogram tès depistaj obligatwa epi sa ap pèmèt administratè yo siveye pwogrè pwogram nan. Kate se yon moun ki vrèman konn inovè, ki ap travay anba anba san rete, pou chèche jwenn solisyon.

Seri Aprantisaj ak Kwasans DSA a te kòmanse an oktòb

Nou ap lanse yon lòt kopozan nan [plan devlopman pwofesyonèl](#) divizyon nou an nan pwochen mwa a: **Seri Aprantisaj ak Kwasans DSA** a. Chak mwa, seri yo ap konsantre sou youn (1) nan uit (8) dimansyon byennèt yo. Nou ap kòmanse an oktòb avèk yon entwodiksyon nan byennèt ansanm ak chanjman konpòtman. Nou ap bay plis detay pi devan. Nou moun ki ap aprann san rete, ki angaje nan kwasans nou, epi nou konnen aprantisaj ap amelyore travay nou epi lavi nou! Nou ap investi nan ou!

Semèn Devlopman Pwofesyonèl nan University System of Maryland (USM)

Komite Devlopman Aprantisaj ak Talan USM nan ap òganize [twazyèm Semèn Devlopman Pwofesyonèl nan Echèl USM](#) li an 18 - 22 septanm. Evènman vityèl sa a gratis pou tout anplwaye USM yo, epi li pwopoze yon seri chemen aprantisaj tankou Pwodiktivite nan Espas Travay, Metriz Lidèchip Pèsonèl, Entegrasyon ak Apatenans, epi Byennèt nan Espas Travay la. Mwen rekonesan dèske m ap sèvi nan panèl pou sesyon ouvèti a.

Jiskaske nou rewè ankò, pòte w byen,

Patty Perillo, Ph.D.

Vis Prezidan pou Zafè Etidyan yo, University of Maryland
li (pwonon feminen)

Anrejistre Dat yo

- [Family Weekend](#) -- Vandredi 29 septanm pou dimanch 1ye oktòb
- [DSA Town Hall](#) -- Mèkredi 4 oktòb soti 1 p.m. pu rive 4 p.m.